



Pou Piblikasyon Imedya: 24/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA ADAMS ANONSE ACHÈVMAN YON DEVLOPMAN LOJMAN POU LGBTQIA+ NAN SANT HARLEM

Homeward Central Harlem pral founi 50 kay pou jèn adilt yo nan yon anviwònman LGBTQIA+- avèk sèvis sipò nan men Homeward NYC

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Eric Adams te anonse konstriksyon an fini pou devlopman lojman 50 inite pou LGBTQIA+- pou jèn adilt ki se ansyen sanzabri yo. Homeward Central Harlem baze sou angajman Gouvènè a pou sèvi ak pwoteje Nouyòkè LGBTQIA+ yo epi pou invest nan dwa yo pou yo genyen yon bon jan kalite lojman ki jis epi ki satisfè bezwen yo.

"Avèk 50 inite lojman sipò ak konsèy konplè, jesyon ka, ak resous kominotè ki sou plas, Homeward Central Harlem se yon temwayaj angajman kontinyèl New York pou sipòte kominote LGBTQIA+ nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sanzabri, ensekirite lojman, ak diskriminasyon toujou yon reyalyte pou twòp moun LGBTQIA+ nan eta nou an, men atravè investisman transfòmatè nan lojman ak sèvis konplè ak kolaborasyon ak patnè tankou Majistra Adams ak Homeward NYC, administrasyon mwen an pral kontinye travay pou ranfòse kominote sa a epi asire ke Nouyòkè LGBTQIA+ tout laj yo ka jwenn aksè nan yon lojman an sekirite ak resous yo bezwen pou yo pwospere".

Nan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) a te kreye oswa prezève apeprè 7,500 lojman nan pri abòdab nan Manhattan. Homeward Central Harlem kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la pou kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Bilding nèf etaj la ofri 50 apatman yon sèl pyès konplètman meble pou adilt ki gen laj 18 a 25 lè yo antre. Se Depatman Sèvis Pou Sanzabri (Department of Homeless Services), pwogram Jèn ki Kite Lakay yo epi ki Sanzabri (Runaway & Homeless Youth) Depatman Lajènès ak Devlopman Kominotè (Department of Youth and Community Development, DYCD) a, ak sèvis Fanmi Dakèy Administrasyon pou Sèvis Timoun (Administration for Children's Services, ACS) nan k ap refere rezidan yo. Lojman an pa gen limit tan, sa vle di rezidan yo pa vin twò gran nan jou fèt 26 an yo.

Homeward NYC pral founi sèvis sipò sou plas tankou konsèy sikolojik, jesyon ka pou rezidan yo kapab jwenn avantaj finansye ak asirans maladi, kontak avèk resous kominotè, aktivite an gwoup, ak pwogram pou devlope konpetans.

Rezidan yo ap resevwa sèvis entènèt bon mache. Blding nan, ki chita nan 15 West 118th Street, pral gen eleman efikasite enèjetik pou sistèm chofaj ak refwadisman yo, limyè yo, ak aparèy menaje yo.

Se Type A Projects ak Azimuth Development Group ki te devlope Homeward Central Harlem.

Finansman Eta pou devlopman 22 milyon dola a te gen ladan Kredi Enpo federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb k ap jenere plis pase 14 milyon dola fon pwòp ak 2.5 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la. Enterprise Community Partners te bay 1.8 milyon dola sibvansyon.

Tout 50 inite lokasyon yo pral resevwa asistans pou lokasyon NYC 15/15 atravè HPD. Pwojè sa a okòmansman te sipoze sibvansyon Pwogram Prè pou Lojman Sipò (Supportive Housing Loan Program, SHLP). Rezidan yo pral peye 30 pousan nan revni masyèl yo kòm lwaye, epi NYC 15/15 pral kouvri diferans lan jiska estanda peman an.

Yo bay asistans pou lokasyon NYC 15/15 atravè kontra alontèm avèk pwopriyetè apatman prive, kote HPD bay peman asistans pou lokasyon chak mwa pou apatman ki fanmi ki elijib yo okipe. Fanmi ki jwenn èd yo responsab pou peye apeprè 30 pousan nan revni ajiste yo pou lwaye a. HRA ak DOHMH bay founisè sèvis sosyal la yon kontra pou ofri sèvis sosyal sou plas pou fanmi ki patisipe nan NYC 15/15.

HPD te bay yon egzansyon taks konplè 420-c pou bilding lan.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Nou fyè dèske nou fè pati devlopman ki aksepte LGBTQIA+ sa a ki pral vrèman chanje lavi pou 50 jèn adilt. Anplis kay abòdab, Homeward Central Harlem pral asire rezidan aktyèl ak alavni yo gen aksè a sipò konpasyon ak resous yo bezwen pou gen estabilite ak endepandans. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap travay pou asire ke chak Nouyòkè ka konnen sekirite ak diyite ke se sèlman yon kay ou ka rele pwòp ou a ki ka founi sa. Felisitasyon ak ekip devlopman nou an ak vil nou an ak patnè prive nou yo pou achèvmant avèk siksè pwojè sa a ki pral benefisye jèn LGBTQIA+ pou plizyè deseni alavni".

Adolfo Carrión Jr., Komisè Depatman Prezèvasyon ak Konstriksyon Lojman Vil New York, te deklare, "Se yon gwo kè brize ke anpil jèn LGBTQIA Nouyòkè fè fas a difikilte pou jwenn yon kote ki an sekirite epi ki abòdab pou viv. Nan sit sa a, HPD ak Homeward ap travay ansanm pou bay rezidan LGBTQIA yo yon kay ki chalere ak akeyan, ki souvan sibi ensekirite lojman. Nou ekstrèmman fyè pou nou sipòte pwojè sa a, ki pral bay enstalasyon ak sèvis esansyèl, epi ki pral sèvi kòm yon flanbo kouraj ak akseptasyon pou Nouyòkè LGBTQIA atravè vil la".

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare, "Homeward Central Harlem pral sove lavi ak chanje lavi pou rezidan li yo. Konbinezon lojman ki estab ak sèvis konplè yo pral gen anpil valè pou etabli yon baz ki an sekirite pou jèn rezidan adilt yo. Pwojè tankou Homeward se yon modèl eksepsyonèl lojman sipò pou kominote".

Jeannette K. Ruffins, Direktè Egzekitif Homeward NYC, te deklare, "Homeward NYC fyè pou l ouvri twazyèm rezidans lojman sipò nou an ki fèt pou satisfè bezwen jèn adilt LGBTQIA yo. Fanmi orijin jèn LGBTQIA yo souvan pouse yo nan sitiyasyon sanzabri akòz oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl. Lè fanmi ou di ou ke ki moun ou toutafè gen tò, sa detwi estim pwòp tèt ou ak sekirite w. Jèn LGBTQIA vin sanzabri pi jèn epi yo souvan rete sanzabri pou plis tan. Avèk lojman sipò (sa se lojman abòdab avèk sèvis sipò entegre), jèn adilt sa yo nan yon espas ki an sekirite epi ki aksepte yo kote yo ka kòmanse eksplòre sa yo vle pou lavni. Pwojè sa a pa t ap deplase soti nan aspè brase lide pou rive konkretize san patnè finansman nou yo ki se Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil la, Depatman Sèvis Sosyal Vil la, KeyBank, Hudson Housing, Enterprise Community Partners, ak Freddie Mac Multifamily; ak patnè devlopman nou yo Type A Projects ak Azimuth Development Group. Patenarya sa a te vin ansanm ak sipò inisyativ Vil ak Eta a pou ogmante lojman abòdab epi diminye sanzabri kwonik".

Baaba Halm, Vis Prezidan Enterprise Community Partners ak Lidè Mache New York la, te deklare, "Enterprise kontan anpil pou l selebre ouvèti Homeward Central Harlem e li te fyè pou l jwe yon wòl nan devlopman li avèk yon sibvansyon 1.8 milyon dola. Anviwon 40 pousan nan jèn ki fè eksperyans sanzabri idantifye kòm LGBTQIA+. Nan kreye 50 inite lojman sipò pèmanan epi ofri sèvis konplè sou plas, sit sa a pral non sèlman satisfè yon bezwen lojman, men li pral bay swen LGBTQIA+ pou tout moun ki pase nan pòt li. Felisasyon pou Homeward, Type A Projects, Azimuth Development Group, HCR, HPD, ak tout lòt patnè ki patisipe nan bèl etap enpòtan sa a".

Annie Tirschwell, Direktè nan Type A Projects al Ko-Devlopè Pwojè a, te deklare, "Mwen vrèman santi m touche pandan n ap akeyi jèn rezidan adilt nou yo nan Homeward Central Harlem. Apre plizyè ane ap rezoud detay devlopman lojman nan Vil New York la mande, rezon ki fè nou fè travay sa a vin pi klè nan jou anmenajman an, pandan kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo resevwa kle pou yon nouvo kòmansman. Nou ekstrèmman rekonesan anvè patnè ajans Eta a ak Vil nou yo ki travay di ak enspire nou yo, pretè, konsiltan ak patnè devlopman yo ki te rann tout sa posib. Kolaborasyon sa a, anba men solid ak byenveyan Homeward NYC, pral chanje lavi tout moun ki pase nan pòt akeyan yo".

Fondatè Azimuth Development Group ak Prezidan Guido Subotovsky te deklare, "Devlopman Azimuth kontan dèske l te fè pati devlopman transfòmasyon sa a, ansanm ak Homeward ak Type A Projects. New York ap fè fas ak yon kriz lojman nou pa t janm wè anvan, epi pwojè sa a ofri lojman ak sèvis sipò pou anpil nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo. Nou ta renmen ekspri rekonesans nou anvè patnè nou yo nan HCR, HPD, Key

Bank, Hudson Housing Capital ak rès ekip devlopman an dèske yo pèmèt pwojè sa a reyalize".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)